Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 161 (25647)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 3 сентябр — рухæны мæйы 3 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆВЗÆРСТЫТÆ
Хъæлæс кæндзыстæм иузæрдионæй

3 ÆЛУТОН
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Ерыстæ таурæгъон богалы номыл

Уæлдæфон транспорт

Аэропорт "Дзæуджыхъæу": балцыты географи – уæрæхдæр

Фæстаг рæстæг зынгæ фæуæрæхдæр Цæгат Ирыстоны бастдзинад уæрæсейаг регионты егъаудæр горæттимæ.

Зæгъæм, зындгонд куыд у, афтæмæй ацы мæйы райдайæны Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты аэропортæн бастдзинад фæзынд Пермимæ. Уыимæ, ацы рейс æххæст кæнынæн паддзахад сæрмагонд субсиди кæй дих кæны, уый фæрцы дыууæ горæты 'хсæн уæлдæфон балцы аргъ уæлдай бæрзонд нæу.

Уыимæ, авиакомпаниты минæвæрттæ куыд зæгъынц, афтæмæй сæ зæрды ис Дзæуджыхъæуæй уæлдæфон фæндæгтæ æндæр горæттæм акæнын дæр. Зæгъæм, Уфамæ, Калининград æмæ æндæр бынæттæм.

Æмæ ахæм уынаффæтæн бындур дæр ис, уымæн æмæ фæстаг азы дæргъы зынгæ фылдæр адæм сæ фæллад уадзынмæ цæуын райдыдтой Цæгат Кавказмæ. "Уалдзæгæй нырмæ цалдæр хатты сырæзт, Цæгат Кавказы регионтæм чи ссæуы, уыцы фæлладуадзæг адæмы нымæц. Уыдонæй бирæтæ цымыдисдзинад æвдисынц ног авиацион балцытæм — кæй зæгъын æй хъæуы, алкæцы туристы дæр фæнды фæндагыл къаддæр рæстæг схардз кæнын. Дызæрдыг нæ кæнын, ног уæлдæфон маршруттæ дæр туристтæн цымыдисаг кæй уыдзысты, уыл", — зæгъы туристон компанитæй иуы директор **Илонæ Чиханацкая**.

Нæ уацхæссæг

Ног ахуыры аз

Фыццаг дзæнгæрæг — цардмæ хонæг

36-æм скъолайы фыццаг фæстаг къласы ахуырдзаутæ сæ ахуыргæнæг ТАЙМАЗТЫ Илонæимæ Къам систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Хур адæмæн царды тых куыд дæтты, афтæ, абон скъолайы къæсæрæй фыццаг хатт цы ахуырдзаутæ бахиздзæн, уыдоны зонындзинæдты бæрзæндтæм хонæг у фыццаг дзæнгæрæг.

Йæ зæлтæ сты, ахуыргæнæгæн йæхи зæрдæйау рухс, æрвон, сыгъдæг æмæ æнкъарæнджын. Сæ зæллангæй кæстæртæм фæсидынц ахуыры бæрзæндтæм æдæрсгæ къахдзæфтæй цæуынмæ.

Царды сæ размæ цы зынтæ æвзæра, уыдоны сæрты хизгæйæ, ахуыргæнæджы зæрдæбын, æнкъарæнджын, фæлмæн дзырд æмæ чиныджы руаджы, техникон рæзты дуджы æнтыстджын къахдзæфтæ кæнынмæ, цæмæй аккаг хъæбултæ уой Стыр Уæрæсе æмæ Ирыстонæн. Аргъ æмæ кад кæной нæ фыдæлты намыс-джын ивгъуыдæн æмæ фæллойадон сгуыхтдзинæдтæн. Сæ алкæй зæрдæйы дæр гуырæнт, фидæнмæ сæ ноджы ныфсджындæр къахдзæфтæ кæнынмæ разæнгард чи кæна, ахæм бæллицтæ.

Скъола у, кæстæрæн йæ зæрдæйы рухсдæр бæллицтæ дидинæг кæм рафтауынц, уыцы алæмæты авдæн, рухстауæг галуан. Фыццаг дзæнгæрæг та у цардмæ хонæг амонды зарæг. Йæ рухсæй Ирыстоны фæсивæдæй сæ алкæй цардвæндаг бæллиццаг æмæ базырджын уæд. Алы боны ахуыры æнтыстытæй сæ ныййарджытæн ныфс æмæ æууæнчы цинтæ куыд хæссой. Скъолайы цы зонындзинæдтæ райсой, уыдон сын фидæны дæсныйад равзарынæн куыд фæахъаз уой, уый сын Хуыцау æмæ Мады-Майрæмы цæст бауарзæд!

Фыццаг дзæнгæрæджы цины зæлланг,
Скъоламæ хонæг — рухсхæссæг арт,
Зондæн йæ хурæй ут алкæд рæвдыд.
Уæ алкæйы фидæн рухс уæд, æвыд!
Цардæн йæ уæзæй макуы тæрсут.
Ахуыры бæрзæндтæм хорзæй тырнут!

ГАСАНТЫ Валери

Нысантæ

Æфсæддон-патриотон хъомылады центр "Авангард"

Сентябры "ДОСААФ"-ы дзæуджыхъæуккаг хайады бындурыл райдайдзæн фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады республикон центр "Авангард"-ы арæзтад.

Уый фæдыл æрæджы сæрмагонд уынаффæ сфидар кодта РЦИ-Аланийы Хицауад. Ног хъомыладон кусæндон арæзт æрцæудзæн регионалон бюджеты хардзæй. Æфсæддон-патриотон хъомылады центры арæзтад райдайдзæн Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы амынддзинадмæ гæсгæ.

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй фидæны центр "Авангард"-ы архайды сæйрагдæр нысан суыдзæн рæзгæ фæлтæры æфсæддон-патриотон хъомылад. Ног кусæндоны бындурыл скъоладзау æмæ сидтон кары фæсивæдæн араздзысты алыхуызон ахуыртæ спорты æфсæддон хуызтæй, амондзысты сын райдайæн æфсæддон цæттæдзинады сусæгдзинæдтæ, кæндзысты сын алыхуызон спортивон-дзыллон мадзæлттæ. Уыимæ, сæрды мæйты та центр кусдзæн, куыд скъоладзауты фæлладуадзæн лагер дæр.

"Рæзгæ фæлтæры æфсæддон-патриотон хъомыладмæ нæ республикæйы алкæддæр уыд уæлдай лæмбынæгдæр цæстдард. Сывæллæттæ æмæ æнахъомты Фыдыбæстæйыл æнувыд уæвыныл, патриотизмы идеятæм æмбæлгæ æргом здахыны ахуыр кæнынц æппæтуæрæseон дзыллон змæлд "Юнармия" æмæ скъоладзауты æфсæддон клубты. Уыцы структурæты номхыгъды ныр фæзындысты кадетон кълæстæ дæр. Не 'ппæт дæр æвдисæн стæм, скъоладзау фæсивæд кадетон кълæстæм куыд æнæзивæгæй цæуынц, уымæн. Уыимæ, центр "Авангард" арæзт куы æрцæуа, уæд зынгæ фæуæрæхдæр уыдзысты æфсæддон-патриотон хъомылады фадæттæ. Ома, иу структурæйы бындурыл цæудзысты æппæтвæрсыг райдайæн æфсæддон ахуырад æмæ патриотон хъомылады мадзæлттæ. Уыимæ, ахуыртæ араздзысты иумæйаг стандартты бындурыл", — радзырдта республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ.**

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй иу азы дæргъы центр "Авангард"-ы ахуырты архайдзысты 3,2 мин скъоладзауæй фылдæр.

ГÆЛÆУТЫ Наталья

Æмбырд

Фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæдзинад

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг ИКЪАТЫ Русланбег скодта Электронæфсисады æдасдзинадæн уавæртæ кæнæг республикон штабы æмбырд. Ныхас рауад фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæ кæныныл, зынгсирвæзты афон æнæ фыдбылызæй арвитыныл, æвзарæн участокты æнæсцухæй электрон тыхæй æфсадыны, æнæхицау электрон хызты объекттæй сцух уæвыныл.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** куыд радзырдта, афтæмæй 2022-2023 азты фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæ кæнынц 10 фæзуатон хызон компанийы, 8 гидроэлектростанцæйы (сæ хъомыс у 400 МВт) æмæ 1 газдихгæнæн куыстуат. Хъуыддæгтæ цæуынц пъланмæ гæсгæ, къуылымпытæ не 'взарынц.

Икъаты Русланбег бафæдзæхста министрæн, цæмæй цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады объекттæ афойнадыл сцæттæ уой, куыстыты хæрзхъæддзинадмæ аиппытæ æрхæссæн куыд нæ уа, афтæ. Фæрæзтæ дæттæг организацитæ хъуамæ 1 ноябры райсой цæттæдзинады паспорттæ.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг сæйраг управленийы хицауы хæдивæг

Николай Иванов куыд радзырдта, афтæмæй республикæйы мартъийæ октябрмæ хъæдты иунæг зынгсирвæзт дæр не 'рцыд. Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады специалисттимæ иумæ зилынц тæссагдæр бынæттыл. Фаронимæ абаргæйæ, сæ нымæц фæфылдæр, 180-мæ схæццæ. Хус кæрдæг кæй басудзынц, уый тыххæй административон бæрнондзинад бадомдтой 51 адæймагæй.

Хъæлæскæныны иумæйаг бон æвзарæн участоктæ электрон тыхæй ма фæцух кæныныл дæр бæстон æрныхас кодтой. Хицауады Сæрдары хæдивæг бафæдзæхста районты разамонджытæн, цæмæй 8 сентябрмæ æвзарæн участокты цæттæдзинад сбæрæг кæной. Æвзарæн участокты цавæрдæр æнæнхъæлæджы уавæртæ куы фæзыной, уæд тыхдæттæг организацитæ хъуамæ рæвдз уой аварион-ноггæнæн кустытæм. Хъуамæ æххæст уой фæстауæрцон фæрæзтæй.

Республикæйы социалон ахадындзинадимæ объекттæ фæстауæрцон фæрæзтæй сæххæст кæнынмæ аздæхтой уæлдай æргом. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрад куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 24 кусæндоны нæ фаг кæны электрон тых. Икъаты Русланбег районы разамонджытæн бахæс кодта, социалон ахадындзинадимæ объекттæ фæстауæрцон фæрæзтæй сифтонг кæнын.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Арæзтад

Сæрмагонд æргом

Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ хайгай арæзтады архайæг адæймæгты бартæ хъахъхъæныны фарстатæм здахы уæлдай фылдæр æргом.

Республикæйы Прокуратурæйы æххæстгонд мадзæлтты фæрцы уыд уавæр хорзæрдæм фæивыны фадат, араздзытæ арæзтадон нормæты бирæ хæлдтытæ аиуварс кодтой.

Хайгай арæзтады архайджытæн бирæфатерон хæдзæрттæ радтыны æргъæвд æмгъуыдтимæ цæстдарæн фæзуатыл сæ араздзыты æрбахуындимæ республикæйы Прокуратурæйы фæндонæй Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады кæй сарæзтой, уыцы æмбырды архайджытæ объекттæ радтыны æмгъуыдты раргъæвды аххосæгтæ раргом кодтой, стæй хæдзæрттæ сræвдз кæныны кæронбæттæн æмгъуыдтæ сбæлвырд кодтой.

Нæ уацхæссæг

Нысантæ

Фæндаджы бындурон цалцæг — пъланмæ гæсгæ

Автомобилон фæндаг "Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт"-ы бындурон цалцæджы куыстытæ цæуынц пъланмæ гæсгæ.

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл**.

Ведомствæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы фæндаджы цалцæгыл хардзгонд æрцæудзæн 160 милуан сомы бæрц (уыдонæй 137 милуаны — федералон бюджеты хай, 23 милуаны та — республикæйæн йæхи бавæрæн).

Солийы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фæстаг рæстæг бирæ туристтæ сарæзтой сæ ных Дыгургоммæ. "Уыцы бынæттæ хъæздыг сты алæмæты æрдзы бирæ алыхуызон объекттæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, ныронг коммæ бацæуынæн хъуыд сæрмагонд, техникон æгъдауæй уæлдай æнаипдæр транспортон фæрæз. Ныр ног фæндаджы фæрцы туристтæ æмæ иннæ фæлладуадзæг адæмæн зынгæ æнцондæрæй бацæуæн уыдзæн Дыгургоммæ. Фæстæдæр коммæ цæуын райдайдзæн автобус дæр", — бафиппайдта Солийы-фырт.

Нæ уацхæссæг

Дзырды фарн

Царды мидæг циндзинад æмæ хъыгдзинад кæрæдзи ивгæ цæуынц...

КОЦОЙТЫ Арсен

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **3 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **32-37 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **32-34 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,08

Хурыскаст — 05,26
Хурныгуылд — 18,34

Валютæйы аргъ

Доллар — 60,32 ↑
Евро — 60,03 ↑

12+

Ænæниздзинад

Гриппы ныхмæ

Цæгат Ирыстоны дзæбæхгæнæндæттæм æрбафтыдысты гриппы ныхмæ хостæ.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Ænæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ.

"Хостæ республикæйы æппæт поликлиникæтæм бафтыдысты. Хъомыл адæмæн прививкæтæ кæндзысты "Совигрипп"-ы хосæй, сывæллæттæн та — "Ультрикс Квадри"-йæ", — загъта ведомствæйы минæвар.

Æрвылаз гриппы ныхмæ прививкæтæ кæнын райдайынц сентябры. "Роспотребнадзор"-ы уынафæтæм гæсгæ, ацы аз прививкæтæ скæндзысты адæмы æппынкъаддæр 60 процентæн.

Амынд министрады минæвар куыд загъта, афтæмæй нæ республикæйы дарддæр цæуы ног коронавирусон низæфтауæдджы ныхмæ вакцинаци дæр. Адæймагæн ис уыцы-иу præстæг коронавирусы æмæ гриппы ныхмæ прививкæтæ скæныны бар.

Нæ уацхæссæг

Коммуналон хæдзарад

Æмбырдгонд фиддонтæ

Фæстаг æртæ азы дæргъы Цæгат Ирыстоны бындурон цалцæгкæнынады тыххæй æмбырдгонд фиддонты бæрц фылдæр кæны.

Ацы хабар фехъусын кодта куыстуат "РЦИ-Аланийы регионалон оператор — Бирæфатерон хæдзæртты бындурон цалцæгкæнынады фонд"-ы генералон директор **Тедтаты Рамазан**.

— Зæгъæм, æндæраз бындурон цалцæгкæнынады тыххæй æмбырдгонд фиддонты бæрц рауад цыппор дыууæ проценты, фарон — фæндзай авд проценты, ацы азы фыццаг æмбисы та — æхсай цыппар проценты, — загъта генералон директор.

Хицауиуæгæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, амынд куыстуат иудадзыг архайы æмбырдгонд фиддонты бæрц фæфылдæр кæныныл.

Нæ уацхæссæг

Экологи

Ивылд донæй бахизынæн

Беслæн Терчы ивылд донæй чи хъахъхъæны, амынд цæугæдоны рахиз фарсыл арæзт уыцы былфидаргæнæн æмбондтæ бындуронæй сцалцæг кæндзысты.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Кокуаты Витали.**

— Терчы доны æмвæзад уæлдæр кæй кæны, уый нымайгæйæ, горæтæн ивылд донæй тæссаг у. Беслæн бахъахъхъæныны тыххæй Терчы рахизфарсыл былфидаргæнæн æмбондтæ бындуронæй сцалцæг кæныны фæдыл куыстытæ баххæст кæнынæн компани "Стройгарант"-имæ 186 милуан сомы бæрц паддзахадон бадзырд сфидар кæнынмæ хъавæм. Проектмæ гæсгæ, цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцæудзысты æртæ азы æмгъуыдмæ, — загъта министр.

Нæ уацхæссæг

Æвзæрстытæ

Хъæлæс кæндзыстæм иузæрдионæй

Уыдис Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы æмбырд. Æхсæнадон архайджытæ, юристтæ æмæ политологтæ цæлхæмбырдæй æрдзырдтой, регионы æвзæрстыты кампани куыд цæуы, ууыл, стæй, чи æрбахæстæг, уыцы хъæлæс кæнынмæ цæстдарды инструментты цæттæдзинадыл дæр. Æмбыры архайдта УФ-йы Президенты цур граждайнаг æхсæнад рæзын кæныны советы уæнг, ассоциаци "Сæрибар æхсæнадон цæстдард"-ы сæрдар Александр БРОД. Федералон эксперт радзырдта, Уæрæсейы æвзæрстыты системæ абон цы сæйраг тæссагдзинæдтыл хъуамæ сæмбæла, уый куыд уыны, уыдæтты тыххæй.

Уæрæсе æмæ Ныгуылæны æхсæн ахастдзинæдтæ карздæр кæныны уавæрты, ныгуылæйнаг бæстæтæ Уæрæсейы ныхмæ информацион хæсты мадзæлттæй кæй пайда кæнынц, уымæ гæсгæ, куыд зыны, афтæмæй ныхмæлæуд тыхтæ цырендæр кæнынц Уæрæсейы политикон змæлд сæгад кæныны тыххæй. Радон кампанийы нысан та ссис 2022 азы хъæлæс кæныны иумæйаг бон ма бауадзын.

Ацы кампанийы сæйраг объекттæй иу у Уæрæсейы æвзæрстыты закъонад аивын. Æппæт ногдзинæдтæ дæр лæвæрд цæуынц зыгъуыммæгондæй. Æвзæрстыты закъонад критикæ кæныны нысан та сын у, цы æвзæрстытæ уыдзæн, уыдоны тыххæй граждæнтæм дызæрдыгдзинад æвзæрын кæнын, цыма æвзæрстытæ æмæ референдумты закъоны тых нæй, стæй демократийы ныхмæ процедурæтæ саразын æмæ хицауады фæлгонц бынтон сауæй æвдисын куыд ацы ивддзинæдты хъæппæрисджыны. Уыимæ, Александр Брод куыд бацамыдта, афтæмæй кандидаттæй кæцыдæртæ хыгъд не 'рцыдысты, æмæ уый баст нæу политикон ахосæгтимæ, фæлæ уыдон закъонадон нормæтæ кæй фехæлдтой æмæ æндæртимæ.

Ацы ныхæстæ раст кæй сты, уый тыххæй дарддæр йæ хъуыды загъта регионалон Центрон æвзаræн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ**. Куыд бафиппайдта, афтæмæй, кандидатты тыххæй цы æрмæджытæ балæвæрдæуыд рагагъоммæ сæ сахуыр кæнынæн, уыдонæй цыппар кандидаты тыххæй республикæйы Сæйраг тæрхондон административон домæн барвыста, цæмæй хыгъд ма 'рцæуой. Депутаты мандаттæ райсынмæ чи тырныдта, уыдонæй æртæмæ, УФ-йы Центробанкы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фæсарæйнаг хыгъдтæ разынд. Иу кандидат не схъæр кодта, тæрхонгонд ын кæй уыдис, уый. Разамонæг бынæттæ чи ахста куыстуæтты, уыдонæй та дыууæ кандидаты дипломтæ разындысты мæнг.

"Æргом ныхасы къæм нæй: йæ цæсгом чи суагъта, уыцы иуæй-иу адæймæгты, бæлвырддæр та, кæцыдæр политикон партиты æххуысгæнæг минæвæрттæ, тыхстдзинæдтæ саразынц æндæр кандидаттæн. Бæрæггæнæн куыстыты фæстæ ахæм цауты тыххæй æрмæджытæ мыхуыргонд æрцæуæуттæ æмæ традицитæ "Ирон адæмы бинонты æгъдæуттæ поэзийы" (1985), "Уалдзæджы афоны ирон къæлиндарон поэзи"(1988), "Ирон чындзæхсæв" (1994) æмæ афтæ дарддæр.

Фольклор фыссыны традицитæ сæфт не сты. Хæрз куыд у, афтæмæй Цæгат Ирыстоны æвзæрстытæ ацæудзысты дыууæ боны, 10-11 сентябры. "Роспотребнадзор"-ы статистикæ куыд дзуры, афтæмæй ахæм уынаффæ йæхи хорз равдыста. Уымæн æмæ республикæйы бæрæггонд æрцыд коронавирусы инфекцийы рæзт. Фæлæ æппæт æвзаræн къамисты хайæдтæ дæр ифтонггонд сты хъахъхъæнæн фæрæзтæй, стæй сын амынд æрцыд, эпидемиологон æдасдзинад хайæдты куыд саразæн ис, уый дæр.

Ахæм вазыгджын политикон уавæрты æхсæнадон цæстдардæн, куыд тæссагдзинæдты сæрты ахизыны ахъаззаг мадзалæн, ис сæрмагонд нысаниуæг. Уымыæн æмæ æхсæнадон бæрæггæнынад зынгæ къахдзæф акодта размæ.

"Политикон системæйы хъæддых рæзт араз у, дзæн æхсæнадон палатæты цæстдарджыты", — бахаxx кодта Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплакова**.

Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы ныридæгæн арæзт æрцыд Æхсæнадон цæстдарджыты къорд. Уым ис 990 адæймаджы 24 æхсæнадон иугæндтæй æмæ хъæлæс кæныны бонты 10-11 сентябры сæрибар æхсæнадон уагыл архайдзысты, цæмæй РЦИ-Аланийы Парламенты æвдæм равзæрст депутатты æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм æвзæрстытæ ацæуой сыгъдæг æмæ æргомдзинады уавæрты. Уымæй уæлдай цæстдардзытимæ ахуырадон семинартæ фæфæуд кæнынц Ассоциаци "НОМ"-мæ гæсгæ. Æвахсдæр præстæджы цæстдарджытæн æхсæнадон организацитæй бардæттæг гæххæттытæ дæттын райдайдзысты æвзæрстыты хайæдтæм.

Æвзарджыты ахастыл, æнæбыцæуæй, фæзындзысты æддагонполитикон ахсджиаг æмæ драматикон цаутæ æмæ бæстæйы иумæйаг уавæр дæр. Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг, инæлар-майор **Сихъоты Сослан** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй "республикæйы йæ политикон карьерæ ничи аразы сæрмагонд æфсæддон операцийы бындурыл. Цæгат Ирыстон æвдисы УФ-йы Президенты фарс хæцыны бæрзонд æмвæзад, стæй æппæт политикон тыхтæ дæр æрбалæууыдысты, ныртæккæ Украинæйы цы Сæрмагонд æфсæддон операци цæуы, уый алыварс".

Эксперттæ куыд хъуыды кæнынц, афтæмæй сентябры æвзæрстыты бонты уæвæн ис, æцæг чи нæу, ахæм хабæрттy æрбапæрстытæн. Фæлæ регионалон æхсæнадон штабы минæвæрттæ, ивгъуыд азы думæйаг æвзæрстыты куыд уыдис, афтæ цæттæ сты объективон æгъдауæй æнæштатон уавæр банывыл кæнынмæ.

"Мах, Æхсæнадон штабы уæнгты, хъæудзæн нæ цæст лæмбынæг фæдарын, цæмæй закъонадон домæнтæ æххæст кæнын ма рахиза политикон хъæзтытæм. Æвзæрстыты кампанийы æппæт къæпхæнтæн дæр сæрибарæй аргъгонд куы 'рцæуа, уæд уый фидардæр кæны æвзæрстыты системæ, партиты, кандидатты та ахуыр кæны æгъдауыл æмæ ирдæй æвдисы цауты æцæг нывтæ. Уæвæн кæмæн ис, уыцы тæссагдзинæдтыл куы дзурæм, уæд зындгонд архайджыты мадзал у фæлывддзинæдтæ парахат кæнын. Мах цæттæ стæм уыдонæн аккаг ныхкъуырд радтынмæ дæр. Ахæм фæлтæрддзинад нæм ис æмæ ахæм уроктæ уыдысты Ассоциаци "НОМ"-ы фæлтæрдджын эксперттæм æмæ ныр дæр чысыл æххуыс нæ кæнынц. Мах нæхимæ хонæм æрыгон цæстдарджыты — блогерты дæр ацы хъæугæ куыстмæ, цæмæй бæрæггонд цæуой, æцæг чи нæу, ахæм фæлывддзинæдтæ, уæлдайдæр хъæлæс кæныны иумæйаг бон", — кæронбæттæны радзырдта Нинæ Чиплакова.

ХЪАЙТЫХЪТЫ Зæлинæ

Рохæн æвгъау нæмттæ

Чызджы, бæхыл бадгæйæ, хорз хъуыды кæнынц хæхтæ...

Зындгонд ахуыргонд, фольклор æмæ "Нарты кадджытæ" иртасæг, РЦИ-Аланийы наукæйы сгуыхт архайæг, филологон наукæты кандидат, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты сæйраг специалист Хæмыцаты Алексейы чызг Тамарæйы райгуырдыл 31 августы сæххæст 90 азы.

Тамарæ райгуырд 1932 азы Цæгат Ирыстоны Толдзгуыны хъæуы ахуыргонд бинонты 'хсæн. Дзагуырты Алексейы фырт Григори (Гуыбады) — литературæ æмæ фольклор иртасæг, ахуыргæнæг, педагогон наукæты доктор, профессор — уыд йæ хæрз хæстæг. 1919 азы Гуыбады уыд Ирыстоны историон-филологон æхсæнады бындурæвæрджытæй иу, фæстæдæр та йæ нымæрдар.

Дзæуджыхъæуы 3-æм скъола сыгъзæрин майданимæ каст фæуыны фæстæ Тамарæ ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы паддзахадон университеты филологон факультетмæ æмæ йæ 1953 азы æнтыстджынæй каст фæцис. Цалдæр азы скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй акуыста, уый фæстæ 1959 азы бацыд аспирантурæмæ æмæ йæ 1962 азы каст фæцис.

Тамарæйæн йæ диссертаци "Ирон адæмон историон зарджытæ"-йæн наукон разамынд лæвæрдта профессор Ælборты Барис. 1968 азы Мæскуыйы Максим Горькийы номыл дунеон литературæйы институты иттæг хорз бахъахъхъæдта йæ диссертаци. Йæ ахуыргæнæгæн Тамарæ йæ "хæс бафыста", йæ уацхъуыдтæ йын дыууæ æмбырдгондæй "Ирон филологийы фарстатæй" (1979, 2005) рауадзгæйæ.

Æрвылаз дæр-иу Тамарæ ацыд хæхтæм, алы кæмтты æмбырд кодта фольклор. Машинæ-иу ын куы нæ уыд, уæд-иу бæхыл дæр сбадт, æппындæр зындзинæдтæй нæ тарст. Уымæ гæсгæ йæ къухы бафтыд ныффыссын стæм, фесæфынæй тæссаг кæмæн уыд, ахæм рагон ирон адæмы цардыуадзы æгъдæуттæ æмæ традицитæ "Ирон адæмы бинонты æгъдæуттæ поэзийы" (1985), "Уалдзæджы афоны ирон къæлиндарон поэзи"(1988), "Ирон чындзæхсæв" (1994) æмæ афтæ дарддæр.

Фольклор фыссыны традицитæ сæфт не сты. Хæрз æрæджы кæронмæ æрхæццæ, РЦИ-Аланийы Национ ахастдзинæдты министрады программæмæ гæсгæ фольклорон-этнографион æмæ лингвистикон экспедици Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны. Йæ архайджытæ уыдысты институты кусджытæ, Тамарæйы хорз чи зыдта, уыдон.

Тамарæ ныффыста 100 наукон куыстæй фылдæр. Бирæ азты дæргъы æмбырд



Профессор ÆЛБОРТЫ Барис, аспиранткæ ХÆМЫЦАТЫ Тамарæ æмæ профессор ДЗАГУЫРТЫ Гуыбады

кодта æмæ мыхуыры рауагъта ирон адæмы Нарты эпос. Фыццаг бацæттæ кодта Академион рауагъды Нарты эпосы æртæ томы "Советон Цæдисы адæмы-хæттыты эпос", йæ сараздæр у зындгонд ирон фольклорист Биазырты Алыксандр, йæ наукон редактор та — æппæт дунейы зындгонд ахуыргонд Абайты Васо.

Йæ царды фæстаг азты Тамарæ бацæттæ кодта Нарты кадджыты авд томы. Текстæн сæ фылдæр мыхуыргонд æрцыдысты фыццаг хатт. Йæ бирæ азты зæрдиаг куысты фæрцы ирон Нарты кадджыты текстæ бацыдысты дунейы литературон хæзнадонмæ. Ацы рауагъды аразджытæ — Хæмыцаты Тамарæ æмæ Джыккайты Шамил — сты Нарты кадджыты ног хайы иртасынады бындурæвæрджытæ канд ирон адæмы нæ, фæлæ иннæ адæмы-хæттыты кадджытæн дæр.

Йæ кандидатон диссертацимæ гæсгæ 1973 азы Тамарæ ныффыста монографи "Ирон адæмы историон зарджыты фольклор". Уыцы рауагъды хъæздыгæй æвдыст æрцыд ирон фольклоры ацы жанр, фæлæ теоретикон хаймæ цы уæлæмхасæн уыд — историон зарджыты къухфыст дыууæ томæй — уый мыхуыргонд не 'рцыд. Ныр ыл æртæ азы дæргъы кусынц Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты кусджытæ Мырыкаты Иринæ æмæ Гуыриаты Маринæ.

Æнæ зæгъгæ нæй, Тамарæ ма "Ирон адæмон сфæлдыстады цыртдзæвæнтæ", зæгъгæ, цы къорд чиныджы рауагъта мыхуыры, уыдоны тыххæй. Афтæмæй уый дарддæр ахæццæ кодта, ирон гуманитарон наукæйæн бындур чи сæвæрдта, уый, фыццаджыдæр, Всеволод Миллер, стæй Санаты æфсымæртæ, Даниел Чонкадзе æмæ Цорæты Василийы хъуыддæгтæ. Бацæттæ кодта Миллеры уацхъуыдты æмбырдгонд "Ирыстоны хæхты".

Цы къорд чиныджы тыххæй загъд цæуы, уырдæм бацыдысты æртæ томы: "Ирон адæмы куысты æмæ цардыуадзы поэзи" (1992), "Аргъæуттæ сырдты тыххæй" (1998) æмæ "Ирон новеллон аргъæуттæ" (2010). Ацы серийыл дарддæр дæр æфтдзæн.

Тамарæ хорз æмбæрста, æнæ курдиатджын кадæггæнджытæй фольклорæн уæвæн нæй, æмæ стыр аргъ кодта уыдонæн. "Ирыстоны кадæггæнджытæ"-йы цыппар чиныджы мыхуыргонд æрцыдысты зындгонд кадæггæнджыты текстæ: Сланты Гаха, Хъалæгаты Иналдыхъо, Дедегкаты Дзамболат æмæ Уадаты Хъуыбадыйы. Тамарæ зæрдæйæ архайдта, цæмæй нын литературæйы ахæм хъæздыг бынтæ кæй руаджы баззад, уыцы кадæггæнджыты нæмттæ рохуаты ма баззайой.

Хæмыцаты Тамарæ бирæ уарзта йæ райгуырæн Дыгургом. Зæрдиагæй æмбырд кодта дыгурон фольклор, зыдта мыггæгты равзæрды историтæ. Ныффыста чысыл, фæлæ, хъæздыг нысаниуæг кæмæн уыд, ахæм чиныг "Хæрдмæ Ирæфыл".

Мах не 'ппæт дæр хæсджын стæм Тамарæйæ, йæ удæй фылдæр ирон адæмон сфæлдыстад чи уарзта, уымæй.

СОКАТЫ Дианæ, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты фольклор æмæ литературæйы хайады сæргълæууæг

Хабæрттæ районтæй

Хорæй – хъæздыг

Республикæйы районтæй хорæй æппæты хъæздыгдæр у Мæздæджы район. Куыд æрвылаз, афтæ ныр дæр фылдæр зæххытæ радих кодтой мæнæуæн. Ног тыллæгæй зæрдæ рухс кæны, алы гектарæй дæр рæстæмбисæй æрнай кодтой 34,5 центнеры. Фарон ацы бæрæггæнæн уыд 28,9 центнеры.

16 мин гектарыл байтыдтой рапс. Сæмбырд дзы кодтой 320 мин тоннæйы хор, фæлæ, цæттæ тыллæг цы фæкæной, уый нырма бæлвырд ничи зоны. 10 мин гектарæй цы тыллæг сисой, уымæн æлхæнæг куы нæ уа, уæд къуырцдзæвæнмæ бахаудзысты фермертæ. Абон цæмæй минералон хъацæнтæ, тауинæгтæ, химикаттæ, сæйрагдæр та — артаг балхæной, уымæн æхца фаг никæмæ ис...

Хæстæгдæр рæстæг зæххусджытæ райдайдзысты нартхоры быдыртæ æфснайын. Республикæйы иннæ районтимæ абаргæйæ, Мæздæджы районы хæдзарæдты ацы культурæ бирæ нæ бацахсы, æрмæст дыууæ мин гектары. Æмæ та ам дæр фермертæ зындзинæдтæ æвзарынц: сæ нартхор цы фæкæндзысты, ууул тыхсынц.

Сæнæфсиры куыст сног кæныныл дæр архайынц. Мæздæггаг зæххусджытæ 5 гектары ног сæнæфсирдон нысгагътой Комаровы хъæуы æмæ йæ фидæны 200 гектары бæрц фæуæрæхдæр кæндзысты.

"Мæздæггаг фидиуæг"

Адæмы удæнцойад

Ацы аз Æрæфы районы паддзахадон программæ "Ахуырады райрæзт"-мæ гæсгæ бындурон цалцæггæнæн куыстытæ цæуы цыппар астæуккаг скъолайы.

Дæргъæвс æмæ Æхсæрысæры скъолаты ныртæккæ ивынц хъармгæнæн системæ, къултæ ногæй лæгъз кæнынц, Быдыры Дæргъæвсы скъолайæн бахъуыд йæ сæр раивын. Арæзтадон куыстуат "Альянс-Строй"-ы кусджытæ хæдзардзинæй архайынц, къуылымпы ницæмæй æййафынц, æмæ ныридæгæн куыстытæн сæ 60 проценты конд æрцыдысты.

"Авангард-Строй"-ы арасджытæ та цалцæг кæнынц Цыкола æмæ Советон хъæуы скъолатæ. Ам дæр бавнæлдтой бæстыхæйтты сæртæ æмæ хæтæлтæ ивынмæ, сæрдынц къултæ.

Ацы аз ма районы, национ проект "Цæрæнуат æмæ горæтаг тыгъдад"-ы бындурыл æртæ фæлладуадзæн бынатмæ базилдзысты.

"Ираф"

Хъарм дзулы тæф

Цыфæнды диссаджы хойрагæй куы байдзаг уой нæ дуканитæ, уæддæр нæ фынджы фидауц у дзул.

Елхот æмæ Кировы районы иннæ хъæуты цæрджыты хæрзад, хæрзхъæд хæмпус дзулæй æфсады Кировы дзулфыцæн завод. Æмæ кæд тæрхæджытыл алы рæттæй ласт дзулы продукци вæйы, уæддæр бынæттон дзул хицæн кæны. Фыццаджыдæр, æппындæр химион буаргъæдтæ æфтыд нæ цæуы куыд дзулмæ, афтæ адджын гуылтæм дæр. Заводы директор **Сæлбиты Верæйы** ныхасмæ гæсгæ, æрвылбон фыцынц 2-2,5 тоннæйы дзул æмæ 100-120 килограммы та адджын гуылтæ. Стъараполы крайæ та ласынц хорз ссад. Дзул æмæ адджын гуылтæ цалдæр хуызы фыцынц мæнæуæмæ хъæбæрхоры ссадæй. Ногфыс дзултимæ сæрмагонд машинæ æрвылбон, райсомы æвдæм сахатыл, рараст вæйы заводы кæртæй.

"Размæ"

Культурон центр аразынц

Абоны царды культурæйæн æмæ аивадæн ис стыр нысан.

Цас æм адæм раздæр æмхиц кæнын райдайой, йæ præсугъд æнкъарæнтæй фæхайджын уой, уый бæрц — хуыздæр. Уый хорз æмбарынц Дигорайы цæрджытæ. 1927 азы дзы цы культурæйы арт-дзæст байгом, уый къæсæрæй рахызт бирæ курдиатджын фæсивæд. 95-аздзыд бæстыхай кæд цалцæггонд æрцæуы, уæддæр абоны домæнтæн æххæстæй дзуапп нал дæтты. Йæ залы ис æрмæст 220 бадæн бынаты. Уый та, 10 мин адæймаджы кæм цæры, уыцы горæтæн къуындæг у. Паддзахадон программæ "2018-2025 азты культурæйы райрæзт"-ы фæлгæты, Дигорайы Карл Марксы уынджы бындур æвæрд æрцыд ног бæстыхайæн.

Культурон райрæзты ног центры уыдзæн æппæт гæнæнтæ, кафынмæ, зарынмæ, фæндыræй цæгъдынмæ чи арæхсы, æндæр курдиаты цæхæрæй чи фæхайджын, уыдонæн.

Араздзыгтæ куыд зæгъынц, афтæмæй объект араздзысты дыууæ радæй, æмæ сцæттæ уыдзæн 2023 азы декабры. Проектмæ гæсгæ йæ залы уыдзæн 400 бадæн бынаты, ам æрбынæттон уыдзæн Районы центрон библиотекæ.

"Дигори хабæрттæ"

Æрмæджытæ бацæттæ кодта ГУГКАТЫ Жаннæ



"Ælутон"-ы фарс цæуын райдыдта 1999 азы 19 июны. № 614

Мифологи

Хуыцауы фæткъуы

Нарты Къандз мулкджын лæг уыди, фæлæ йын Хуыцау цот нæ радта. Иуахæмы Къандз æнæцотæй афтæ сфæлмæцыд, æмæ Хуыцауы фыддæрадæн йæ мулк басудзын сфæнд кодта. Хус сындзджын суг иу майрæмбонæй иннæ майрæмбонмæ фембырд кодта. Йæ фос æмæ бæхрæгъæуттæ йе стыр кæртмæ æрбатардта, сындзджын сугæй сын сæ алыварс æрæхгæдта æмæ сыл арт бандзæрста. Сæ дзи-



дзайы сыгъдон тæф Хуыцаумæ схæццæ, æмæ уый фæдисы Нартмæ рарвыста, цы хабар у, уый базонут, зæгъгæ.

Хуыцаумæ хабар куы схастой, уæд сæм иу фæткъуы радта æмæ сын загъта: "Ацæут æмæ йæ Къандзæн радтут æмæ йын зæгъут: ацы фæткъуыйы æппытæй иу йæ усæн бахæрын кæнæд, æмæ йын лæппу райгуырдзæн". Къандз æцæгдæр афтæ бакодта, æмæ йын йæ ус фырт ныййардта. Ном ыл сæвæрдтой Сæууай. Ахæм тых æмæ фарн æфтыд ис Хуыцауы фæткъуыйыл. Алыты Алымбеджы кадæджы та Хуыцауы фæткъуыйы руаджы йæ чызг лæппу фесты.

Хорæлдар

Зæххы куысты, хорты тыллæджы, бæркады бардуаг. Йæ фырт Бурхоралийы йын Батрадз амардта, æмæ хабар бæлвырддæр базоныны тыххæй, Нарты Уацамонгæйы цы къуымæл уыд, уым цæппузыры мидæг бамбæхст. Уацамонгæйы раз Батрадз бæлвырдæй загъта, Хорæлдары фырт Бурхоралийы дæ разы амардтон, зæгъгæ. Уацамонгæ, Батрадз рæстытæ кæй дзырдта, уымæ гæсгæ Хæмыцы дзыхмæ схызт, æмæ Хорæлдар Уацамонгæйы хуылфæй рагæпп ласта, оххай, мæхæдæг дæр ма нозт цæуын къуымæлимæ, зæгъгæ. Азгъордта æмæ фæлæбурдта хъæбæрхоры зæнгмæ — уæды онг ыл зади æхсæз æфсиры — æмæ йæ йæ къухæй схафта: æфсир уадзынмæ йыл нал хъавыд йæ фырты мастæй. Уæд æм Уастырджи дзуры: " Гъæйтт, мæ бæхæн ма дзы сайæнвæндаг уæддæр фæуадз!" Æмæ ма йыл иунæг æфсир фæуагъта Хорæлдар, иннæты сыскъуыдта.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Дзырдуат

Туджы æлхъывдад æви "давлени"

Алы низыхаттæн дæр нæ фыдæлтæм уыд сæхи нæмттæ иронау. Фæлæ сæ, хъыгагæн, абон бирæтæ ферох кодтой. Мадæлон æвзаг иттæг хорз чи зоны, уыдонæй дæр фылдæр хатт фехъусæн вæййы мæнæ ахæм ныхас: " Мæ "давлени" сбæрзонд æмæ мæм "тонометр" та нæ уыд". Кæнæ, " Скорыймæ" адзырдтам. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт медицинон терминтæ дæр иронау сахуыр кæнæн нæй, фæлæ уæддæр цымыдисаг та куыд нæ у сæ дзырдуатон сконд.



Одышка — тыхулæфт
Обморок — уадзыг
Нерв — нуар
Нефрит — уыргты судзаг рыст
Носилки — сынт
Мигрень — сæрырыст
Мышца поперечная — цæхгæрмæ хæцъæф
Наследственные болезни — фæдхæссæг низтæ
Обезболивание — рыст исын
Новообразование — къуыдилы
Орган — уæнг
Озноб — ихæн
Олигофрения — æнæзонд
Патогенез — низæвæрд
Плоскостопие — тъæпкъах
Пневмония — ræуджыты низ
Подъязычная кость — æвзагбын стæг
Предрак — рак расайæг низты къорд
Пролежень — хъæдгом
Пульпит — дæндаджы рыст

Нæ медицинæйы равзæрд

Фыццаг ирон дохтыр

Медицинæйы уидæгтæ райдыдтой незаманты рагон бердзенæй, уырыссаг медицинæ фæзынд XVIII æнусы, Ирыстоны медицинæ та йæ фыццаг къахдзæфтæ райдыдта XIX æнусы кæрон.

1920-æм азты, Терчы облæсты, бæлвырддæр та, Цæгат Ирыстоны адæмон æнæниздзинадæн бындур сæвæрыны хъуыддаджы стыр куыст бакодта фыццаг ирон профессионалон дохтырты фæлтæрæй иу — Гарданты Соломоны фырт Константин. Уыцы аз ын Советон хицауад бахæс кодта, Дзæуджыхъæуы зылды Ревкомы цур цы медицинон-санитарон, фæстæдæр-æнæниздзинад хъахъхъæнынады хайад байгом, уый сæргъы æрлæууын.

Ахæм бæрнондзинад Гарданы-фыртыл хуымæтæджы не 'рæнцад. Константин уыдис, революцийы активонæй чи архайдта, ахæм интеллигентон бинонтæй. Студент ма куы уыдис, уæд Уæрæсейы паддзахы чиновникты цæсты, зæрдæдарæн кæуыл нæй, ахæм адæймагыл нымад цыдис, ома, æрыгон лæппу йæ хъус дардта революцион змæлды коммунистты архайдмæ æмæ уыдис сæ фарс. Константины фыд — Соломон (Цæрай) æмæ йе 'фсымæр Кирилл уыдысты ахуыргæнджытæ æмæ æхсæнадон архайджытæ. Соломон мыхуыры рауагъта, йæ рæстæджы уырыссагау кæсын æмæ фыссынæн ахъаз чи уыдис "Первый товарищ русского родного языка", зæгъгæ, чиныг.

1908 азы Теркаг атаман Караулов Гарданты Константины кандидатурæ дохтыры бынатмæ нæ бафыста йæ революцион ахастыты тыххæй, кæд ыл Чырыстонхъæуы цæрджытæ иууылдæр схъæлæс кодтой, уæддæр. Паддзахы чиновниктæ йæ фæдыл кæй зылдысты, уый аххосæй Константин Цæгат Ирыстонæй ацыд. 1910 азы райдыдта кусын Хъырымы, Феодосийы зылды "земская участковая" кæй хуыдтой, уыцы рынчындоны сæргълæууæгæй. Уыцы рæстæг тынг схæлар санитарон дохтыр Дмитрий Ульяновимæ æмæ Дмитрийы амæлæты бонмæ хорз æрдхæрдтæй фæцардысты. 1919 азы Константин Ирыстонмæ æрыздæхт æмæ нысангонд æрцыд Дзæуджыхъæуы зылды Ревкомы медицинон-санитарон хайады фыццаг сæргълæууæгæй. Хайады куыст бирæ цæлхдурты сæрты ахызт. Нæ дзы фаг кодта медицинон кусджытæ, чи дзы уыд, уыдон та ирон æвзаг нæ зыдтой, æмæ уыцы уавæр стыр цæлхдур æвæрдта нывыл куыстæн. Ацы уавæрыл хъуыдыгæнгæйæ, 1919 азы Гарданты Константин сарæзта медицинон курсытæ, кæцытæй 1920 азы арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуккаг фелсырон скъола. Йæ сæргълæууæг дæр уыдис йæхæдæг. Ахуыртæ цыдысты, Госпитæлаг (Титовы уынджы) горæтаг рынчындоны.

1920 азы Цæгат Ирыстоны тифы эпидеми райдыдта, æмæ йæ ныхмæ тохы мадзæлттæ аразыны хъуыддагæн арæзт æрцыд æнæнхъæлæджы къамис Дзæуджыхъæуы медицинон-санитарон хайады æххуысæй. Цыбыр рæстæгмæ йæ къухы бафтыд хæццæ низы хъару басæттын.

Уый уыдис Гарданты Константины стыр æнтыстдзинад. 1923-1925 азты Гарданы-фырт куыста уæлдæр амынд горæтаг рынчындоны терапевтон хайады сæргълæууæгæй; 1925-1927 азты та — Цæгат Ирыстоны автономон облæсты æнæниздзинады хайады сæргълæууæджы хæдивæгæй. 1927 азæй 1929 азмæ та уыдис Хæххон медицинон техникумы сæргълæууæг. Алы азты Гарданты Константин мыхуыры рауагъта фондз научкон куысты, се 'хсæн — Цæгат Ирыстоны минералон суæртты гуырæнтæ æмæ климæтон станцæтыл иртасæн куыстытæ дæр.

Константины архайдæй райрæзт Цæгат Ирыстоны курортон къабаз.

1922 аз. Дзæуджыхъæуы 1-æм рынчындон абоны Титовы уынджы.

ДАДТЕТЫ Тамилæ

Нæ дуджы бæрджытæ

Ныры дуджы ирон æвзаг куыд къуындæджы бахауд, цы мæгуыры бонтæ æрвиты, афтæ никуы. Хъæутæй ирон адæм цардагур фæлыгъдысты Дзæуджыхъæумæ. Ам "купи-продай"-ыл ныллæууыдысты æмæ сæ ирон æвзаг никæцырдыгæй уал хъæуы. Сæ цотимæ дæр ыл нал дзурынц, æмæ уыдон дæр нæ ирон æвзагæй иппæрд кæнынц.

Уыцы уавæры бахаудысты, гуырдзиаг экстремисттæй Хуссар Ирыстонæй æмæ Гуырдзыстонæй Цæгат Ирыстонмæ цы ирæттæ фæлыгъд, уыдон дæр. Фæлтау цыфæндыйæ дæр иууылдæр Хуссар Ирыстоны куы æрæнцадаиккой, уæд сæ мадæлон æвзагыл сæ иузæрдиондзинад бахъахъхъæдтаиккой, æвзæрæй кæй бафæзмыдтаиккой, уый сын уæддæр нæ уыдаид. Кæддæр РЦИ-Аланийы Президенты бынатмæ иу ирон кандидат дæр ма Хуссар Ирыстонмæ ирон æвзаг базонынмæ куы цыд, ирон æвзаг зонын æй куы бадомдтой, уæд. Ам æй, æвæццæгæн, йæхи хуызæттæ хъыгдаргæ кодтой, æмæ, дам, уым иууылдæр суанг уынгты дæр иронау дзурынц.

***

Ныры дуджы хорз йе 'фсармы бын фæци, æвзæр та йе 'дзæсгомдзинадæй хъал у æмæ йе 'взæрдзинæдты сæрæй дæрдты фæлгæсы.

***

Ныры дуджы кæд адæймагмæ царды хæрзтæ фылдæр ис, уæддæр ын цард ад нæ кæны: хæрд ын хæрзад, адджын нал у, уарзт — æхцон æмæ æнкъарæнджын, цин — зæрдæагайгæ æмæ уæлтæмæн. Суанг æм маст æмæ хъыг дæр раздæрау арф нал хъарынц. Уыдонмæ дæр æй нал æвдæлы: згъоры кæдæмдæр, тагъд кæны. Талф-тулф та цард нæу — рæстæг, бонтæ, азтæ хæрæн.

***

Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй ма адæм хъæддаг куы уыдысты, уæддæр бæрц, æфсис зыдтой. Уæд советон адæмы иумæйаг мулк йæхи чи бакодта æмæ кæны, уыдон кæмæй фесты? Бирæгътæй? Уыдон дæр фосмæ куы баирвæзынц, уæд сæ быдзагъд кæнынц. Адон дæр æппæт дæр сæхи бакæнынмæ хъавынц. Суанг зæхх, дæттæ æмæ хæхтæ дæр. Адæмы сæхимæ фыдæх кæнынц, маст сæ уадзынц. Æмæ сæ маст куы рафыца, уæд сæ цотæн та куыд нæ тæригъæд кæнынц, куыд нæ сын тæрсынц. Адæмы маст куы раивылы, уæд зæйау рацæуы æмæ аххосджын, æнаххос нал февзары.

("Рæстдзинад"-ы архивæй)

Фыдæлтыккон хабæрттæ

Туаллаг таурæгъ

Ныры фæсивæдæй бирæтæ зонгæ дæр нал кæнынц, цы у сабатизæр, уый, фæлæ йæ кæддæр алы хъæуы дæр кодтой. Стæй канд ног мардæн нæ, фæлæ, мæры стæгдар дæр кæмæй нал баззад, уыдонæн дæр. Рагон æмбисондау: "Кæмæ ис, уый йæ фыды фыдæн дæр дугъ уадзы". Устытæй-иу фын чи федта, зæгъæм, йæ мой йæ цæстытыл ауади. Фыны йæм чидæр æрбадзырдта, кæнæ æвзæр фын федта, уæд-иу майрæмбоны, хур аныгуылыны размæ, сыхæгты устытимæ уæлмæрдтæм ацыдысты. Хорз-иу сæ зæрдæты бынтæй фæкуыдтой, сæ судзаг мæстытæ-иу сæ ферох сты, стæй-иу æрæвæрдтой фынг. Сабатизæрмæ-иу ахастой карчы фыд, адджинæгтæ, уæливыхтæ æмæ сылгоймæгты нозт — арахъхъæн йæ фыццаг уайæн.

Иу ахæм сабатизæр нæ сыхы устытæ сæ фæдджитæ æрбатымбыл кодтой æмæ уæлмæрдтæм фæраст сты. Нæлгоймæгтæ сæм кæсынц æмæ кæрæдзи фæрсынц: " Кæдæм цæуынц нæ рæсугъдтæ, ай фæстаг дæс азы нæ сыхы зиан куынæуал æрцыд, уæд?"

Уалынмæ ныхасмæ Габе æрбацыд æмæ сын уый сæ фарстæн дзуапп радта: "Тъаси, дам, дысон йæ фыны Бехъойы федта, æмæ йын йæ ном ссарой". Гъе, уый дын базоной лæгтæ, уайтагъд минасы тæф сæ былтыл ауад, фæкъорд сты æмæ сæ ных уæлмæрдтæм сарæзтой.

Уæлмæрдтæ уыдысты стыр обауы алыварс, цæгат хуссарварс ныгæдтой Тиб, хуссар ныгуылæнварс — Нар. Обауы сæр та уыди сыгъдæг, цъæхкæрдæгджын. Нæлгоймæгтæ схызтысты обауы сæрмæ æмæ сусæгæй устытæ сæ куыд нæ феной, афтæ сæм кастысты. Хæхты 'рдыгæй уылæн дымгæ рацыди, æмæ, устытæ цыдæриддæр дзырдтой, уыдон хъуыстой. Устытæ сæ фæлдисинæгтæ æрæвæрдтой сыгъдæг цикъæ хъуымацыл. Раст уыцы рæстæг Габе зыгъуыммæ кæрцы фæзынд обауы сæр. Йæ цыппæртыл гæпп-гæпп æмæ ололигæнгæ йæ ных устытæм сарæзта.

Устытæ уый куы федтой, уæд ма цæй хæринаг æмæ нуазинаг — лидзынмæ фесты. Уæлмæрдтæм куы цыдысты, уæд сын цыбыр фæдджитæ уыд, фæлæ ныр уыдонмæ бакæс — сæ даргъ къабатæй ма тыхсгæ дæр кодтой. Нæлгоймæгтæм ахуырст адджын арахъхъ кæд æрхаудаид, фæлæ дзы ныр Бехъойæн зæрдиаг рухсаг кодтой. Чи зоны æмæ исчи бафæрса: сылгоймæгтæ сæ базыдтой æви нæ? Бæгуыдæр. Фæлæ сæ маст бирæ нæ ахаста. Хабар хъæуыл айхъуыст, æмæ адæм гуыбынхæлдтытæ кодтой худæгæй. Адæмы та-иу афтæ чи фæхудын кодтаид, уый цæрæнбонæн-иу куывтой.

ХЪАЙТТАТЫ Сергейы чиныг "Ирон хабæрттæ"-йæ

Дзырдты хæзнадонæй

Дада æмæ йæ кæстæры ныхас

— Дада, абон лæппутимæ иу фарстыл нæ фидыдтам.

— Цавæр фарст уыд?

— Мæнæ зымæгон халас æрæвæры, æмæ йæ иутæ чырс схуыдтой, иннæтæ та — сæлф. Куыд у растдæр?

— Дада дæ рынтæ бахæра, уыцы дзырдтæ сты цыппар хуызы: **сæлф, сæлæф, чырс** æмæ **халас**.

Сæлф фæзæгъынц, ногуард мит бæлæстæ куы æрæмбæрзы, уæд. Фæзæгъынц, хъæд сæлф у, нæй дзы кусæн, лæг дзы хуылыдз кæны. Уый сæлф у.

Сæлæф, ногуард мит, хуылыдз мит, къахæй йыл куы ныллæууай, уæд фæйнæрдæм алидзы, уый хуыйны сæлæф мит.

Чырс, уазал рæстæг мигъ бæлæстыл æмæ телтыл ихы гæлæбуты хуызæн куы сæвæры, уæд уый та хуыйны чырс. Уазал бирæ рæстæг куы ахæссы, уæд халас рагуалдзæг дæр æрæвæры кæрдæгыл. Адонмæ ма бафтауæн ис: зæгъ уары, стæй уæд хас хæссы.

— Цы у **зæгъ** та?

— Зæгъ уары, зæгъгæ, уый вæййы зымæджы кæрон, уæлдæф фæхъарм вæййы æмæ донæмхæццæ рауары.

— Цы у **хас**? Хæхбæсты цæгатæрдыгæй куы фæдымы, уæд фæзæгъынц, дымгæ кæны, зæгъгæ. Уый йемæ рахæссы къæвда. Уазал къæвда æмæ хас хæссы, фæзæгъынц.

— Уæдæ дзырд **райы** та кæцæй равзæрд?

— Райы, зæгъгæ, уыцы дзырдимæ бирæ ныхæстæ баст цæуынц, зæгъæм: байрай, зæрдæрай у, æнæбайрайгæ фæу æмæ афтæ дарддæр. Уымæн йæ æххæст хъуыды та ахæм у: ныккæс ма агмæ, райы æви нæма.

— Уæдæ цы уæлдай ис **чындзхуынды** зарæг æмæ **чындзхæсджыты** зарæгæй?

— Чындзхуынды зарæг кæнынц, цалынмæ чындзы йæ уатæй уæрдонмæ (ныр машинæмæ) фæхонынц, куы араст вæййынц чындзхæсджытæ, уæд та чындзхæсджыты зарæг базарынц.

— Дада, æмæ **дæлхъуырбос** та цы у?

— Хъуг баст кæмæй вæййы, уый хуыйны къæлæт. Къæлæт ын йæ хъуырыл скæн дæле уæлæмæ æмæ йæ бæрзæйы рдыгæй цы бæттæнæй баст цæуы, уый хонæм дæлхъуырбос, хонынц ма йæ цæгатбос дæр. Дæлхъуырбосæй адæм пайда кодтой, галтыл куы куыстой, уæд, æмæ-иу æфсондзæн тамасхан куы нæ уыдис, уæд дыууæ тæбынджы-иу кæрæдзимæ абастой дæлхъуырбосæй.

— Æмæ **гуыцъæз** та цы амоны?

— Гуыцъæз уыд, галуæрдæттыл куы куыстой, уæд галтæ æфсондзæй ма суадз, рæтæнæгъд уыдис фидаргонд æруадзгæ быцæу, уый феуæгъд кæн æмæ зæхмæ фæбыцæу, стæй галты суадз, æмæ æфсондз ауыгъдæй баззадис.

Ацы ныхас рауад Куырттаты комы цæрæг ЦÆГÆРАТЫ Сосланæн йæ хъæбулы хъæбулимæ. Фыст æрцыд 2000 азы

Фыдæлты уæзæг



1947 азы архитектортæ С.Кричер æмæ Такъæты Николай Хъæрæцаты мæсыджы тыххæй фыстой: "Галуаны фæзы уыдис куырдадз æмæ куырой. Мыггаджы минæвæрттæ дæсны уыдысты куырды æмæ иннæ æрмдæсныйады куыстытæм". 90-æм азты райдайæны ацы мыггаджы хистæр фæлтæрæй Алиханы чызг Мисурæт иудадзыгдæр йæ цæст дардта йæ фыдæлты мæсыгмæ. Иу рæстæг дзы музей дæр сарæзтой, фæлæ ног царды гуылфæнты мæсыг дæр æмæ йæ алыварс æппæт фæзты дæр ног арæзтæдтæй мæсыг нал зыны.

Фæлтæрты базырджын хъуыдытæ

Куырм нæ уыны хуры рухс, зондæй талынг адæймаг та — рæствæндаг.

***

Сывæллоны ахуырады бындур æвæры мадæлон æвзаг, уый фæрцы рабæрæг вæййы йæ зонды бæрц, йæ тырнындзинад зонындзинæдтæм.

Авиценнæ (скæсæйнаг дохтыр, философ)

***

Дæхæдæг дæхи цæстæй цы фенай, уый пайдадæр у æрыхъусæггаг ныхасæй.

***

Дæхицæн дæ цæст цы хорздзинад уарзы, уый бауарзæд иннæмæн дæр.

Бируни (скæсæйнаг философ)

Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

Ерыстæ тауræгъон богалы номыл

Ирыстоны спорты историйы йæ ном сыгъзæрин дамгъæтæй чи ныффыста, уыдонæй иу у ФАДЗАЙТЫ Сулейманы фырт Арсен.



Кæуылты сты Арсены лæггæдтæ Ирыстон æмæ æгас Советон Цæдисы спорты раз!

Уæгъдибар хъæбысхæстæй æгас дунейы дæр Арсены ном хъуыстгонд у, куыд æвæджиауы стыр курдиат æмæ спорты æрттивгæ стъалы.

Бæллиццаг сты йе сгуыхтдзинæдтæ Арсенæн. Дыууæ хатты ссис Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау, æхсæз хатты фæуæлахиз дунеон чемпионатты, къорд хатты рамбылдта Советон Цæдисы чемпионы ном.

Уымæй уæлдай, цалдæр хатты уыд Европæйы чемпион, Дунеон кубок рамбулæг. Арсены дæсны æмæ æрхъуыдыдзын архайд дисы æфтыдта, куыд спортуарзджыты, афтæ хъæбысхæсты специалистты дæр.

Йæ диссаджы архайдæн ын стыр аргъ скодтой Хъæбысхæсты Дунеон федерацийы разамонджытæ æмæ йæ схорзæхджын кодтой сæрмагонд хæрзиуæг "Сыгъзæрин богалы дзабыр"-æй.

Стыр сты Арсены æвæрæнтæ Ирыстоны хъæбысхæсты скъолайы райрæзты. Уый хъæппæрисæй 1990-æм азты арæзт æрцыд фæсивæдæн клуб "Алантæ". Уым схъомыл сты фидæны Олимпиаг хъæзтыты, дуне æмæ Европæйы чемпионатты уæлахиздзаутæ...

5 сентябры Фадзайты Арсеныл æххæст кæны 60 азы. Уыцы бон йæ номыл арæзт æрцæудзæн уæгъдибар хъæбысхæсты командон турнир æрыгæтты 'хсæн (2007-2008 азты гуырд).

Турниры архайдзысты дæс командæйы: Абхазты, Дагестаны, Кæсæг-Балхъары, Хъæрæсе-Черкессы, Цæцæны, Хуссар Ирыстоны, Хъырымы республикæты, Мæскуы æмæ Цæгат Ирыстоны дыууæ командæйы.

Ерыстæ райдайдзысты 5 сентябры, Хъуылаты Базийы номыл Спортивон галуан "Манеж"-ы 10:00 сахатыл.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Дзырдбыд

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Дызæрдыг, æнæууæнк. 4. Ноэт. 10. Нигайы уацау. 12. "... куыд нæры, афтæ нæ цæвы" (æмбисонд). 13. Сылгоймаджы ном. 15. Хæдзары хай. 16. Ставд ссад. 17. Ælыгæй конд хæдзары дзаума. 18. Хъæу Уæлладжыры комы. 19. Хъæддаг цæрæгой. 21. Цæугæдон Кавказы. 22. Бæхы мыггаг ирон адæмон сфæлдыстады. 23. Хуызæн. 24. Сылгоймаджы ном. 25. Аразæн æрмæг. 30. Стыр æфсæйнаг аг. 32. Æмбырдтæ аразæн бынат ирон адæммæ. 33. Хуыссæнгарз. 34. Хъамбердиаты Мысосты æмдзæвгæ. 36. Наукæ. 39. Æфсæддон цин. 41. Цæсгомы хай. 43. Секъайы пьесæ "Кæрчыты давд"-ы архайæг. 45. Нымæц. 46. Хацырты Сергейы комеди "Тулгæ дур"-ы архайæг. 47. Республикæ Ганæйы горæт. 48. Нарты Батрадзы усы ном. 49. Поэтикон уацмыс. 54. Æрвыст лæг. 56. "... фыды бас нæй" (æмбисонд). 57. Дыргъ. 58. Ирон журнал. 60. Фосы бардуаг. 63. Рагон артаг. 65. Адæмыхатт Кавказы. 67. Нарты кадджыты архайæг. 69. Асаты Реуазы æмдзæвгæ. 70. Литературон уацмыс. 71. Цæугæдон Венесуэлæйы. 72. Горæт Палестинæйы. 73. Нæлгоймаджы ном. 79. Буары хай. 80. Цæгæраты Максимы æмдзæвгæ. 81. Сабыр, æнæуынæр. 82. Æрыгон фæлтæр. 83. Дунейы хай. 84. Цæгат Ирыстоны зарджытæ æмæ кафджыты ансамбл. 86. Гаглойты Владимиры драмæ "Ныййарæджы кадæджы" архайæг. 87. Цæугæдон Африкæйы. 88. Ссадгонд зæххæй. 89. Хох Ирыстоны.

БЫНЫРДÆМ: 1. Горæт Сау денджызы был. 2. Хихджын бæлас. 3. Мин Нарты кадджыты. 4. Хæдзары дзаума. 5. Хъæу Ирыстоны. 6. Хос кæнæ хъæмпласæн уæрдон. 7. Тæрхоны архайæг. 8. "Æхсаргард... мæ бон нæу мæнæн" (Къоста). 9. Аивады хуыз. 10. Лыггæнæн дзаума. 11. Хæрынæн бæзгæ зайæгойы бындзæфхад. 13. Хъарм бæстæйы зайæг дыргъ. 14. Агънаты Гæстæны уацау. 16. Уæзбарæн иуæг рагон Уæрæсейы. 20. Судзæн æрмæг. 26. Æхсыст æфсæйнаг. 27. Бонджын сылгоймаг. 28. Хинайæн. 29. Цот. 31. Буары хай. 35. Цыргъгæнæн. 37. Хуылфыдзаума. 38. Хуссайраг дыргъ. 39. Гуыцмæзты Михалы комеди "Къæдзæх нынæрыд"-ы архайæг. 40. Кувæндон Ирыстоны. 41. Цъата. 42. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 43. Маргъ. 44. Уæгъд бынат хъæды. 50. "... ныхас дард схъиуы" (æмбисонд). 51. Хуыгаты Георы драмæ "Амонд, кæм дæ"-йы архайæг. 52. Уæзы бæрц. 53. Исты æвæрæн дзаума. 55. Сылгоймаджы ном. 59. Сомы, фидар дзырд. 61. Рог автомашинæ. 62. Цалдæр машинæйы иумæ. 63. Горæт Азербайджаны. 64. Паддзахад Африкæйы. 65. Фосхизæн бынат. 66. Цуаноны хæцæнгарз. 67. Бæгæны фыцæджы дзаума. 68. Ныхасы хай. 69. Хæдзары хай. 74. Зындгонд америкаг фыссæг. 75. Нæлгоймаджы ном. 76. Къуыхцы. 77. Миты хъæбæр цъар. 78. Сырды дæндаг. 85. Италийы сæйраг горæт.



Дзуаппытæ 27 августы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 4. Варварæ. 7. Кæфхъуындар. 10. Хæсанæ. 11. Дæгъæл. 14. Громова. 17. Трактат. 18. Гæмæх. 19. Куприн. 20. Ардуан. 21. Кæрæф. 22. Къæйдур. 24. Æдзæмад. 29. Ростов. 30 ...æнхъæл... . 31. Уырындыхъхъ. 32. Къуызыр.

БЫНЫРДÆМ: 1. Тархъæд. 2. Æвдузæн. 3. Гренадæ. 5. Уæларв. 6. Сангар. 8. "Сæумæрайсом". 9. "Лæскъдзæрæн". 12. Армукъа. 13. Барабан. 15. Фæрæт. 16. Рæтæн. 23. Уыттыр. 25. Духъхъ. 26. Æвзыгъд. 27. Насджын. 28. Гæлхуыр.

Барадон фæтк

Чындзæхсæвы заман гæрæхтæ

Нæ хæдзармæ 'ввахс ранæй гæрæхтæ хъуысынц, зæгъгæ, Дзæуджыхъæуы цæрæг адæймæгтæ горæты пъæлицæйы радхæссæг хайæн ахæм хабар фехъусын кодтой.

Барадхъахъхъæнджытæ амынд цауы æууæлтæ æвæстиатæй æвзарын райдыдтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй ресторантæй иуы раз уæвæг æбæрæг адæймаг уæлдæфмæ цалдæр хатты æхсæнгарзæй фехста æмæ фыдбылызы бынатæй рог кæдтулгæйæ афардæг.

Цыбыр рæстæгмæ пъæлицæйы кусджытæ гæрæхтæгæнæджы, Кæсæг-Балхъарæй нæм æрбацæуæг 25-аздзыд лæппуйы ном сбæлвырд кодтой æмæ йæ æрцахстой. Барадхъахъхъæнджытæ куыд рахатыдысты, афтæмæй, нæмгуытæ кæуыл нæ уыд, лæппу гæрæхтæ кодта ахæм гилдзытæй. Æхсæнгарз тæлæтгонд æрцыд. Лæппу, йæ аххосыл басæтгæйæ, загъта: "Фæстæдæр ахæм тæссаг уагæй мæхи нал дардзынæн".

Пъæлицæйы кусджытæ уræд лæппуйыл "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 20.13 статьяйы 2 хаймæ ("Æхсæнгарзæй цæрæн бынæтты æмæ, гæрæхтæ кæнын кæм не 'мбæлы, æндæр ахæм рæтты гæрæхтæ кæнын") гæсгæ административон суагъæ сарæзтой. Амынд статьямæ гæсгæ, адæймаджы фæивар кæнæн ис 50 мин сомæй.

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад адæмы зæрдыл лæууын кæны: гæрæхтæ кæнын кæм не 'мбæлы, уæвæн ис, æмæ цыфæнды æхсæнгарзæй — цуанон, травматикон æмæ æлхъывдуæлдæфонæй ахæм рæтты гæрæхтæ кæныны цау фыдбылыз расайдзæн.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Æнæниздзинад

Джыбыты хæстытæ

"Роспотребнадзор"-ы цæгатирыстойнаг управлени куыд фехъусын кодта, афтæмæй нæ республикæйы адæмыл джыбыты хæстыты нымæц фæкъаддæр.

— Къуыримæ джыбыты хæстыты фæдыл медицинон кусæндæттæм бахатыд дыууæ адæймаджы. Афæдзы райдианæй нырмæ медиктæм бахатыд 228 адæймаджы (адонæй 43 адæймаджы сты цыппæрдæс азæй кæстæр сывæллæттæ). Ивгъуыд азы амынд рæстæгмæ медиктæм джыбыты хæстыты фæдыл бахатыд 240 адæймаджы (адонæй 50 адæймаджы уыдысты цыппæрдæс азæй кæстæр сывæллæттæ), — загъта амынд ведомствæйы минæвар.

Джыбытæм хæцгæ низтæ ис æви нæй, уый бæлвырд кæнынц æнæниздзинад хъахъхъæнынады федералон бюджетон кусæндоны маргиртасæн лаборатори "РЦИ-Аланийы гигиенæ æмæ эпидемиологийы центр" æмæ коммерцион клиникон лабораториты.

Нæ уацхæссæг

Æмбиционды хабар

Ныхасæй зæрдæ балхæнæн ис

Цæгæраты Созырыхъо — куыртатаг куырыхон лæг, Арвыуациллайы хуызæн адæймаг бирæ хорз хъуыддæгтæ ныууагъта йæ фæстæ, зондамындтытæ зæххы куысты, хæхбæсты царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны æмæ æндæртæ.

Ныр дæр ма йæ хорзы кой арæх ракæнынц, чи йæ зыдта, кæимæ æмбæлд, уыдон. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуынц йæ бафæзминаг æгъдау, хи дарын æмæ æрхъуыдыдзинады хабæрттæ.

Иуахæмы та Созырыхъо Куырттаты комæй рараст чындзхæсджыты хистæрæй быдырмæ, Рассветы хъæумæ, Бирæгътæм. Чындзхæсджыты фысымтæ æгъдауæй æмæ цæттæйæ бæргæ рафæндараст кодтой, фæлæ фæндагыл, комæй нæма рахызтысты, афтæ сæ машинæ цыдæр кодта. Шофыр æмæ йыл йе 'ххуысгæнджытæ тухæн кæнын райдыдтой, фæлæ къæрттæй цъула не 'ппæрста. Сæ фыдæбон изæрмæ ахаста. Уыцы рæстæджы абоны хуызæн нæ уыд. Машинæтæ — стæм. Æндæр ссарæн нæ уыд. Æмæ чындзхæсджытæн сæ каст æрмæстдæр уымæ уыд.

Машинæ куы скуыста, уæд чындзхæсджытæ сагъæс кæнын райдыдтой, тагъд æрталынг уыдзæн, æмæ талынгæй худинаг у искæй хæдзармæ чындзхæссæг цæуын. Уыдон нæм æнхъæлмæ дæр нал кæсдзысты. Фæлтау иу лæджы арвитæм, бамбарын сын кæнæд нæ уавæр æмæ сын зæгъæд, райсом æрцæудзыстæм, зæгъгæ.

Созырыхъо нæ, зæгъгæ, загъта:

— Æз уæ хистæр дæн, æмæ уын куыд дзурын, афтæ бакæнæм. Цæуæм чындзхæссæг! Фысымты мæ бар уадзут.

Чындзхæсджытæй ма чидæртæ бахъуыр-хъуыр кодтой, фæлæ иууылдæр бабадтысты машинæйы. Хъæуы Бирæгъты хæдзары раз æрхызтысты. Созырыхъо — разæй. Чызджы хæстæг хиуæттæ, сыхæгтæ сæ размæ рацыдысты, сæ загъд, сæ хъæлæба сæ разæй рахастой. Чындзхæсджытæ сабырæй лæууынц.

Фысымтæ куы фæсабыр сты, уæд Созырыхъо размæ рахызт. Арфæ сын ракодта, стæй афтæ:

— Бауырнæд уæ, Куырттаты комæй æгъдауæй афоныл рацыдыстæм, фæлæ фæндагыл ахъуыды кодтам, Бирæгътæм цафон цæуын хъæуы, уыл.

Адæм фысымæй, чындзхæссæгæй уыцы-иу худт ныккодтой. Æмæ фысымтæ зæрдæрайæс мидæмæ ахуыдтой.

Æрмæг бацæттæ кодта ЦГЪОЙТЫ Хазби

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Архайы хъæуы хорздзинадыл

Мæ ныхасы сæр у Даскъофы хъæуыхицау Аулохты Валерийыл, æцæг ирон лæппуйыл. Ærыгон уæвгæйæ, бирæ куыстытæ бакодта. Зæронд уæлмæрдтæй, суанг ног уæлмæрдтæм ныккарстой кæрдæг, бырондæттæ ссыгъдæг кодтой. Йæхæдæг разæй, афтæмæй хъæуы фæсивæды рахуыдта йæ фæдыл, æмæ доны былтæ дæр ссыгъдæг кодтой.

Алы 9 майы дæр ацæуæм Даскъофмæ. Ацы аз куы ныццыдыстæм, уæд дзы федтам ног цыртдзæвæн, нæ хъæуæй Райгуыраен бæстæйы сæраппонд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг йæ цард чи радта, уыдонæн. Уыдонимæ, фыццаг ацыд мæ фыд дæр — Цомартаты Цæрæджы фырт Рамазан. Нал федтам нæ фыды рæвдыд, æмæ нæ нæ мад стыр тухитæй бахъомыл кодта.

Æз мæхæдæг кæсын газет "Рæстдзинад". Ænæ йæ рафысгæ мæхи никуы ныууадзын. Нæ хъæуы аивдзинад махæн тынг æхсызгон у, нæ хъæуыхицауы фæрцы у. Ноджы ма иу хорздзинад — Елхоттæй Даскъофмæ ног асфальт фæндаг. Цыбыр дзырдæй, бирæ ивддзинæдтæ цæуы нæ хъæуы хорзæрдæм.

Валери, Цомартаты мыггаджы номæй дын арфæ кæнын! Ænæниз æмæ амондджын у, дæ хъæруйыл хъару куыд æфта æмæ ныфсджынæй размæ куыд цæуай. Адæмы хорзæх дæ уæд Хуыцауы арфæимæ!

ЦОМАРТАТЫ Галинæ, Беслæны цæрæг

Ædасдзинад

Ног ахуыры аз уыл амондимæ райдайæд

Ахуыры азы райдайæн æппæт скъоладзаутæн дæр бæрæгбонау у, бынтондæр — фыццагкъласонтæн. Зноны сабитæм алцыдæр диссаг кæсы, скъоламæ дæхæдæг араст у æмæ хæдзармæ фæстæмæ æрбаздæх. Уымæй сывæллоны ахаст, чи зоны, фемхæццæ уыдзæн, уымæ гæсгæ хъуамæ ныййарджытæ сывæллæттимæ фæндагыл цæуыны уагæвæрдтæ ногæй сфæлтæрой.

Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы кусджытæ куыд амонынц, афтæмæй хъуамæ хистæртæ æдас маршрут саразой хæдзарæй скъоламæ, уæлæмхасæн ахуырад райсынмæ сывæллон цæуа уæндонæй. Хъуамæ ныййарджытæ сывæллонимæ иумæ ацæуой æппæт фæндагыл, алцæмæ дæр æргом раздахой, фæндаджы сæрты хизгæйæ йын æппæт уагæвæрдтæ бацамоной.

Кæд æмæ скъоламæ машинæйыл цæудзæн, уæд та йæ бандоныл хъуамæ транспорты уа сæрмагонд гæрзтæ, уыдонæй йæ хъæуы бабæттын. Кæнæ, æхсæнадон транспорты куы цæуа, уæд ын æппæт æдасдзинады æууæлтæ хъæуы бацамонын. Паддзахадон инспекцийы кусджытæ сидынц шофыртæм, уæ фæндаг скъолайы, рæвдауæндоны цурты куы цæуа, уæд лæмбынæгдæр ут, уæ тагъдад фæкъаддæр кæнут. Фистæгæй фæндæгты сæрты кæм хизынц, уыцы рæтты уæ цыд уромут. Шофыртæ хъуамæ лæмбынæг уой, бирæуæладзыгон хæдзæртты кæрты цæугæйæ, æппынæдзух уе 'ргом здахут, сывæллæттæ кæм фæхъазынц, уыцы бынæттæм. Уыдон ратагъд кæнынц, сæ алыварс нæ акæсгæйæ.

Автоинспектортæ сидынц фæндагыл цæуæг сабитæм. Зынаргъ сывæллæттæ! Разæй уæм æнхъæлмæ кæсы замманай рæстæг, скъоламæ цæугæйæ уæ зæрдыл бирæ хорздзинæдтæ бадардзыстут. Хъуамæ уой æхсызгон, цавæрдæр фыдбылызтæй хызт куыд уат, уый уын нæ зæрдæтæ зæгъынц. Ног ахуыры аз уыл амондимæ райдайæд, иттæг хорз бæрæггæнæнтæ исут, фæндаджы фæтк макуы халут!

Фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон службæйы пресс-службæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æфсæддон комиссарад

Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм æфсæддон службæмæ исы граждæнты контракton бардзырд бафыссыны бындурыл.

Ист цæуынц граждæнтæ 18 азæй 60 азмæ, æнæниз æмæ психотерапевтон диспансеры номхыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, фиддонтæ кæмæн нæй, ахæм адæймæгты.

Фыст сын цæудзæн 200 мин сомы æмæ уæрæхдæргонд социалон пакет. Бацæуæн ис, цы ран цæрут, уым æфсæддон комиссарадмæ, науæд та, æфсæддонты контракт бафыссыны бындурыл кæм исынц, уыцы æвзарæн пунктмæ.

Бадзурæн ис тел.: 8 (8672) 25-68-92, 8 (8672) 76-83-75.

Контракт куыд бафыссæн ис, контрактон службæйы граждæнтæм цы домæнтæ хауы, уый тыххæй базонæн ис сæрмагонд хæстон операцийы архайæджы бæрæгуаты (справочник). Уым ма базонæн ис, хæстон архайдтыты ветераны æвдисæндар куыд райсæн ис, цавæр æххуыстæ сын ис сæрмагонд операцийы архайджытæн УФ-йы Президенты Указ № 98-мæ гæсгæ (æппæт сæрмагонд операцийы æфсæддон службæгæнджытæ æмæ категоритæн). Бæстондæр ма базонæн ис мæнæ ацы сайты "СО" http://sevosetia.

Требуется техничка, график работы 2/2 (с 7 часов утра до 7 часов вечера). Оплата 20 тыс. в месяц. ТЕЛ.: 8-989-742-46-93 (Светлана).

Номыры радгæс редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы
проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3526.
Заказ № 981.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru